Горæты парторганизацийы арæзты фарста æнгом баст у дзуапдæттæн-æвзарæн кампанимæ. Æмæ фидæны партион органты æнтыстдзинад тынг аразгæ у, районты æмæ горæты партконференцитæм æвзæрст чи 'рцæудзæн, уымæй. Хæххон хъæууонхæдзарадон институты политикон экономийы кафедрæйы сæргълæууæг доцент Гадзауты Б. М. институты коммунисты номæй загъта, разы кæй не сты, районты, горæты, облæстон конференцитæм æмæ СЦКП-йы XXVIII съездмæ делегатты æвзæрстытæ уæлдæрлæууæг партион органты куыст æмæ уынаффæтыл ахадыны фадат коммунисттæи чи нæ дæтты, ахæм æнæдемократон уагыл кæй цæудзысты, уынмæ.

Боны фæткы фарстамæ бæстон æркæсыны фæстæ пленум раханта æмбæлгæ уынаффæ æмæ алыг кодта горæты парторганизацийы арæзты фарста, пленумы цы уынаффæтæ загъд æрцыд, уыдон бахынцгæйæ, æмæ бауынаффæ кодта, ацы аз 4 майы чи уыдзæн, горæты уыцы XXIX дзуапдæттæн-æвзарæн конференцимæ рахæссын.

Пленумы уыдис æмæ дзы раныхас кодта СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь Галазты Æ. Х.

Æвзæрстыты Закъон куыд амоны, афтæмæй æвзарæн участочы къамис дзуапп дæтты хъæлæс кæнынæн уавæртæ сараз ыны тыххæй. Уый хъуамæ бахъахъхъæна хъæлæс кæныны сусæгдзинад, бацæттæ кæна бынæттæ хъæлæс кæнынæн. Æвзæрстытæй æппынкъаддæр дæс боны размæ æвзарджытæ хъуамæ базоной хъæлæс кæныны боп æмæ йæ бынат. Уый тыххæй участочы къамис пайда кæны дзыллон информацийы фæрæзтæй, плакаттæй æмæ хуынды гæххæттытæй.

Æвзæрстытæ цæуынц 7 сахатæй 20 сахаты онг бынæттон рæстæгмæ гæсгæ.

Æвзарæн асыччытæ сæвæрын хъæуы афтæ, цæмæй бюллетентæ ныппарыны агъоммæ æвзарæг фæуа сусæгæй хъæлæсы кабинæ, кæнæ уаты. Ацы бынæттæ хъуамæ уой рухс, уа сæ стъолтæ, ручкæтæ кæнæ кърандæстæ.

Участочы æвзарæн къамис уæлдæрлæууæг æвзарæн къамисæй хъуамæ афоныл райса бюллетентæ, æркæсы сын сæ фыстытæм. Бюллетентæ хъуамæ уой, участочы цал æвзарæджы ис, уыдоны бæрцæй чысыл фылдæр, уымæн æмæ æвзарджытæ фæзыны æндæр рæттæй дæр.

Хъæлæс кæныи райдайыны размæ æвзарæн асыччыты хъæуы феныи, уый фæстæ сыл участочы къамисы сæрдар æвæры пломбæ къамисы уæнгты раз.

Алы æвзарæг дæр хъæлæс кæны йæхæдæг. Искæй бæсты хъæлæсгæнæн нæй. Æвзарæн бюллетентæ дæтты æвзарæн къамис участочы æвзарджыты номхыгъдмæ гæсгæ, паспорт кæнæ æнæфæхуынчъытæ сæ кæныны кæнæ сыл мыхуыр сæвæрыны фæрцы.

Æвзарджыты номхыгъдтæм гæсгæ участочы æвзарæн къамис бæлвырд кæны æвзарджыты иумæйаг бæрц, стæй бюллетентæ лæвæрд кæмæи æрцыд, уыцы æвзарджыты бæрц (алы окруджы дæр). Асыччыты

НÆ КОНСУЛЬТАЦИТÆ

дæр æвдисæндар бавдисыны фæстæ.

Æвзарджытæй исчи рынчын куы уа, кæнæ æндæр истæмæ гæсгæ хъæлæсгæнæн бынатмæ йæ бон æрбацæуын куынæ уа, уæд участочы æвзарæн къамис йæ уæнгтæй искæмæн хæс кæны, цæмæй ацæуа ахæм æвзарджытæм æмæ схъæлæс кæной сæхимæ.

Алы æвзарæгæн дæр læвæрд цæуынц бюллетентæ: æрвгъуыз — Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутат æвзарынæн, æмæ урсытæ — бынæттон Советты адæмон депутаттæ æвзарынæн.

Æвзарæн бюллетентæ цалдæр æвзагыл мыхуыргонд куы уой, уæд æвзарæгæн йæ курдиатмæ гæсгæ læвæрд цæуынц, цавæр æвзагыл кура, уымæ гæсгæ. Бюллетентæ радтыны тыххæй æвзарджыты номхыгъды ручкæйæ æвæрд цæуы гæ, уæд ын ис кабинæмæ æндæр адæймаджы æрбахонæн. Уый фæстæ бюллетень æппæрст цæуы асыччы.

Хъæлæс кæнынæн нæй 20 сахатæй раздæр фæуæн, уымæн æмæ исчитæ ног цæрæн бынатмæ æрцæуынц, чи та номхыгъдмæ хаст нæ вæййы исты ахсосæй.

Хъæлæстæ нымайы æвзарæн участочы къамис, хицæнтæй алы æвзарæн окруджы æмæ алы кандидатæн дæр.

Хъæлæс кæныны рæстæг ахицæн, загъгæ, участочы æвзарæн къамисы сæрдар куы фехъусын кæна, уæд æвзарæн асыччытæ цæуынц гомгонд. Уый агъоммæ участочы къамис хъуамæ банымайа, пайдагонд кæмæй не 'рцыд, уыцы бюллетены бæрц æмæ сыл скæна бæрæгтæнæнтæ сæ нскæцы тигътæ сын алыг кæныны, кодта.

Хъæлæс кæныны бæрæгтæнæнтæ хынцы участочы æвзарæн къамис æмæ сæ хæссы протоколтæм, алы æвзарæн округен дæр хицæн протоколмæ.

Хъæлæс кæныны бæрæгтæнæнты протоколтимæ хъуамæ уой: къамисы уæнгты сæрмагонд хъуыдытæ фыстæй; хъæлæс кæныи кæнæ хъæлæстæ нымайыны рæстæг æнæрастдзинæдты тыхæй къамисмæ цы курдиатæ æмæ хъæстытæ лæвæрд æрцыд, уыдон; уыцы курдиатæ æмæ хъæстыты тыххæй къамисы рахаст уынаффæ; пайдагонд кæмæй не 'рцыд, уыцы æвзарæн бюллетентæ.

Æвзарæн асыччы пломбæ кæд æмæ хъыгдард æрцыдис, уæд уый тыххæй дæр протоколтимæ хъуамæ уа акт.

Афтæ протоколтимæ хъуамæ уой, хъæлæстæ нымайгæйæ уым чи уыд, уыцы фæллойадон коллективты, æхсæнадон организацияты, ахуыргæнæдзæтты коллективты, бынæтты цæрæг æвзарджыты æмæ æфсæддон службæгæнджыты æмбырды минæвæрттыл, æруæнкджын адæймæгты, мыхуыры, телеуынынад æмæ радиойы минæвæрттыл номхыгъдтæ.

М. СРОСЛОВ.

кодта.

Хъæлæс кæныны бæрæгтæнæнтæ хынцы участочы æвзарæн къамис æмæ сæ хæссы протоколтæм, алы æвзарæн округен дæр хицæн протоколмæ.

Хъæлæс кæныны бæрæгтæнæнты протоколтимæ хъуамæ уой: къамисы уæнгты сæрмагонд хъуыдытæ фыстæй; хъæлæс кæныи кæнæ хъæлæстæ нымайыны рæстæг æнæрастдзинæдты тыххæй къамисмæ цы курдиатæ æмæ хъæстытæ лæвæрд æрцыд, уыдон; уыцы курдиатæ æмæ хъæстыты тыххæй къамисы рахаст уынаффæ; пайдагонд кæмæй не 'рцыд, уыцы æвзарæн бюллетентæ.

Æвзарæн асыччы пломбæ кæд æмæ хъыгдард æрцыдис, уæд уый тыххæй дæр протоколтимæ хъуамæ уа акт.

Афтæ протоколтимæ хъуамæ уой, хъæлæстæ нымайгæйæ уым чи уыд, уыцы фæллойадон коллективты, æхсæнадон организацияты, ахуыргæнæдзæтты коллективты, бынæтты цæрæг æвзарджыты æмæ æфсæддон службæгæнджыты æмбырды минæвæрттыл, æруæнкджын адæймæгты, мыхуыры, телеуынынад æмæ радиойы минæвæрттыл номхыгъдтæ.

М. СРОСЛОВ.

ÆХСАРДЖЫН ХÆСТОН

Мæ хæсыл нымайын нæ адæмæн ирон хъæбатыр салдат, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран Царахаты Павелы фырт Тимофейы тыхæй радзурын. Уый райгуырд 1920 азы Санибайы. Æрыгон лæппу Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстиуджытæй Ирыстонмæ ссыд сæрæгасæй. Æвæццæгæн, адæмон ныхас раст у, «Хъæбатыры адзал не 'йфы» — уымæн Тимофейы цард у ирд æвдисæн. Мæ ныхасы размæ мæ фæнды зæгъын: нæ мыхуыры цас æмбæлы, уый бæрц нæ фыссынц салдæтты хъæбатырдзинæдтыл. Тимофейы æгæрон æхсарæн, йæ диссаджы хæлардзинадæн уыдтæн æвдисæн цыбыр рæстæгмæ æмæ уый тыххæй радзурдзынæн.

Мæ эскадронмæ уый æрбафтыд 1941 азы, сентябры, 194-æм бæхджын полкъ, 68-æм бæхджын дивизи Хуссары фронты куы хæцыд, уæд. Уыцы рæстæг фашистты æфсæдтæ лæбурдтой Сталинградмæ æмæ Ростовмæ.

Хæстон хъизæмары уавæртæ домдтой салдаттæй æнæкæрон фæразондзинад, æхсæр æмæ хæстон арæхстдзинад.

Немыцæгтæ кæд æхсæв дæлдæр æрцæуынц, зæгъгæ-уыл хъуыды кæнгæйæ, изæрдалынгты дыууæ хъæбатыр хæстоны аргъуанмæ бахъуыздысты. Иу къуымы цыдæр къахвæдтæ раиртæстой. Сæхицæн бынат сбæрæг кодтой æмæ æнхъæлмæ кæсын райдыдтой. Баныхас кодтой: иуы дзы маргæ акæндзыстæм, иннæйы та уацары райсдзыстæм. Уалынмæ æрыхъуыст хъæвгæ цыды къæхты хъæр. Куыддæр уыцы къуыммæ фæзылдысты, афтæ дзы Гончаров иуы мæлæтдзаг цæф фæкодта, иннæуыл йæхи ныццавта Тимофей æмæ йæ дыуæйæ сæ быны скодтой... Уацайраг ахæм стыртæ уыд. æмæ иууылдæр дис кодтой, куыд ыл фæтых сты, зæгъгæ.

Иухатт Тимофейы арвыстон фыццаг взводмæ. Уыцы рæстæг немыцы цыппар «Мессершмитты» йæ сæрмæ схæцыдысты нæ хæдтæхджытимæ æмæ сыл фæтых сты: дыуæйы дзы æрæппæрстой, иу та дзы цæфæй йæхи ауагъта цъымарайы æмæ уым анигъуылд. Тæхæг, мæгуыр, цъымарайы анигъуылдзæн зæгъгæ, йæм Тимофей батахт æмæ йæ фервæзын кодта.

Хæст цыд Аксай æмæ Ростовы æхсæн цы хутортæ æмæ хъæутæ ис, уым. Мах полкъ хæцыд Ростовы стадионæй цæгатырдæм горæты кæрон цы хутортæ ис, уыдонмæ хæстæг: Знагæн йæ зæрдыкæрон дæр нæ уыд, ардæм исчи æрбафтдзæн, уый, æмæ сонтæй куы сызмæлыдыстæм, уæд дзы бирæтæ сæ дзаумæттæ кæнгæ лыгъдысты.

Амы хабæрттæ бирæ сты. Æз дзы ракæндзынæн æрмæст Тимофейы архайды тыххæй. Бон æрбацъæх. Иу хæдзары цур лæууыдыстæм Тимофей æмæ цигайнаг салдат Петр Карпенкоимæ. Иу заман, хæдзарæй ам чи цард, ахæм сылгоймаг рауад. Æз æй афарстон, хæдзары ма исчи ис, зæгъгæ. Уый згъорæнгъорын къухæй ацамыдта. ничи, зæгъгæ, æмæ фæдæлдзæх ис, цъаммар! Тимофей хæдзары тигъæй ауыдта —кауы фæстæ æмбæхсгæ æрбацæуынц цалдæр фашисты. Æмбæхст немыцаг дынджыр уæзласæн машинæйы фæстæмæ агæпп кодта æмæ сæ уырдыгæй æхсын райдыдта. Уый фæстæ йæ бамбæрстам. уыдон агъуысты цы майор уыд, уый фервæзын кæнынмæ кæй цыдысты, фæлæ сæхæдæг цагъды фестыл. Уый хæдфæстæ агъуыстæй рагæпп кодта майор, æмæ мемæ фæхъуыраей-хъуырмæ. Тимофей йын автоматæй йæ сæр ныццавта. Дынджыр фашист базыр-зыр кодта æмæ ахауд. Фидарæй зæгъын: ам мæ Тимофей адзалы ныхтæй скъахта. Абон æгас уый руаджы дæн, уымæн æмæ немыцаг майор хъаруджындæр уыд...

Æмæ та, мæнæ, Новочеркасскы цуры хæцæм. Мæ эскадроны размæ — æгæрон быдыртæ. Боныгон нæ бахъуыд иу уæлбылæй знаджы фæсурын. Уый уыд тынг зын баххæст кæнæн хæс. Бахъуыд та æрвитын сгарджыты: исты хуызы хъуыд базонын знаджы бадæнтæ. Сæхимæ та райстой хæс Тимофей, уыриссаг Сергей Гончаров æмæ цигайнаг Петр Карпенко. Сарæзтой æппындæр уæвæн цы хъуыддæгæн нæ уыд, уый. Бабырыдысты станокджын пулемет кæм уыд, уырдæм, амардтой салдæтты æмæ дзы знагæн йæхи æхсын райдыдтой. Эскадрон йæ хæс сæххæст кодта æппæты фыццагдæр Тимофейы руаджы.

Знаг Сталинградмæ лæбурдта. Уыцы заман мах дивизи хæцыдис станицæ Николаевскы алыварс. Нæ полчъы арвыстой фæдисы. Иу хуторы знаг æрæмбырд кодта йæ хæстон тыхтæ æмæ хъавыд дивизийы чъылдыммæ бахъуызынмæ. Уыдон ныддæрæн кæнын хъуыд. Ацы тохы хорз сарæхстысты мæ эскадроны хæстонтæ. Фæлæ хицæнæй зæгъын Тимофейы тыххæй. Хæст цыд цыдæр бæрæгбоны æмæ немыцы æфсæдтæн сауджынтæ лæвæрдтой лæвæрттæ. Полкъ хæцыд сæ ныхмæ. Мæ эскадрон та дæрдты фæцæугæйæ, балæвбурдта чъылдымы 'рдыгæй. Æмæ тынг бирæ знантæ скодтам знагæн.

Фæлæ знагмæ ам бирæ тыхтæ уыд æмæ ныл æртыхстысты. Бахаудыстæм уæзау уавæры. Æз фæцæф дæн, авд минæйы къæртты мæ буары ныффидар сты. Мæ бон ма сси мæ хæдивæгæн дарддæры хъуыддæгтæ бабар кæнын. Æнцон нæ уыд æрдыгæй цæфæй раирвæзын, фæлæ мемæ уыд мæ хъæбатыр хæстон Тимофей. Зынæй бадтæн бæхыл — цæфтæ тынг рыстысты. Сæттын, тынг æнахъом уыдтæн. Фæлæ цæуæм. Мæнæ æфсæнвæндагыл бахизæм зæгъгæ, афтæ Тимофей уæлбæхæй автоматæй кæвыл-дæр ныккалдта, махмæ хъæр кæны: «Фæстæмæ! Фæстæмæ!» Ам знагимæ хæрхæмбæлд фестæм æмæ Тимофей сонтæй нæ фæцарæхст, зæгъгæ, уæд не сæфт уыд. Æмæ куыннæ зæгъон: Ам дæр та мæ мæрдтæй ракодта!

Ирон адæмæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты нæ Райгуырæн бæсты сæраппонд, нæ ирон адæмæн кад æмæ ном чи скодта, уыдонæй иу уыд Царахаты Тимофей. Гъе, уый зæгъын мæ фæндыд нæ адæмæн, йæс байзæддæгтæн, цæмæй сæрыстыр уой сæ фыдæй, царды йæ фæзмой.

ХУЫРИАТЫ Хазбы,
хæсты ветеран.

КЪАМЫ: САЛБИТЫ В. Г. Архайдта немыцаг фашисты дæрæн кæныныл тохты Сталинграды быимæ.

Цæгат Ирыстоны бæстæзонæн музейы фондтæй.

Ф. МАМОНТОВЫ ист къам.

Уыдис ма Матросовы хуызæттæ

Ацы аз газет «Правдæ»-йы 94-æм номыры отставкæйы булкъон Н. Шилин нымыхуыр кодта цымыдисон уац «Матросовы æфсымæртæ». Дзуры дзы волгоградаг К. Атрашкевичы сфæлдыстады (æндæр æй никуыд схондзынæ) тыхæй. Ацы адæймаг æмбырд кæны, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг Александр Матросовы хуызæн хъæбатырдзинад чи равдыста, уыцы æдзард хæстониты тыххæй. Уыдон сæ цард нидæмæ даргæйæ сæ бузæртгай сæхгæдтой знаджы дзоттæ æмæ доттæ. Уый руаджы-ну не 'фсæдтæ сæххæст кодтой сæ размæ-вæрд бардзырдтæ. Æдæппæт автор ахæм хæстонтæ æрæмбырд кодта 386. Ахæм хъæбатыр хæстон уыд Петр Барбашов дæр. Ирон адæм стыр кад скодтой сыбирæгæй æрлæууæн — сарæзтой йын помарæн цыртдзæвæн, йæ ном хæссы нæ республикæйы сæйраг горæты уынгтæй иу. Статьяйы загъд ис, зæгъгæ, хъæбатыртæ уыдысты алы адæмы хæттыты минæвæрттæ: уырыссæгтæ, украинæгтæ, белорусæгтæ, сомихæгтæ, узбекæгтæ, дзуттæгтæ, гуырдзинæгтæ, татæйрæгтæ, эстойнæгтæ.

Мæн ма фæнды ну ахæм хъæбатыры кой ракæнын. Уый у ирон æппу Калоты Аликсандр, механизацигонд къæдзы автоматæй æхсæг. Райгуырд 1924 азы Стъаропольы крайы. Хæст йæ тæккæ тымыгъы куы бацыд, уæд 19-аздзыд æппу йæ риуæй сæхгæдта знаджы дзотæй æхсæн бынат. Уый æрцыд Хъырымы 1943 азы 3 ноябры. Йæ амæлæты фæстæ йын сакkаг кодтой Фыдыбæстæйы хæсты 1-аг къæпхæны орден. Æндæр мын ницы зындгонд у Калойы-фырты тыххæй.

Хорз уанд, хъæбатыры ном куы сæвæриккой нæ республикæйы уынгтæй нуыл, скъолайыл, иогдзауты дружинæйыл. Хъæуы йын сæвæрын цыртдзæвæн, йæ номыл аразын хъæуы спортивон ерыстæ. Хъæбатырты Цардыл ахуыр кæнын хъæуы нæ кæстæр фæсивæды. Уымæй уæлдай ма хицауады раз сæвæрын хъæуы фарста, цæмæй Калоты Аликсандрæн лæвæрд æрцæуа Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Цытджын Уæлахизы 45 азы бирæгбоны раамæ ма мæ фæнды ну фæндон бахæссын: нимæ горæтты хуызæн нæ проспекты сарæзын хъæуы Хъæбатыры аллейæ.

М. ПЕТРУШАНСКИЙ.

ХЪОМЫЛ КÆНÆМ

НЕ 'ПЫЛЫХС

НОВАТОРТЫ КОНКУРС

63 авторы аст æмæ ссæдз æрхъуыдыйы æвдыст æрцыдысты районы æрхъуыдыгæнджыты конкурсы Свалявцинæйы. Конкурсы бæрæггæнæнтæм гæсгæ фæуæлахиз сты В. Дуда æмæ Ю. Морщенский (хъæды комбинатæй). Дыккаг премитæ лæвæрд æрцыдысты Ю. Чубрикæн æмæ В. Александровæн (завод «Электрон»-æй). Стыр къордæн саккаг кодтой зæрдæлхæнæн премитæ.

Æрхъуыдыгæнджыты конкурсы архайдæкъты æнтыстдзинæдты экономикон пайда рауад 390 мин сомы бæрц.

«Закарпатская правда»

ПОЭТЫ УД

«Уд» — афтæ хуыйны XIX æнусы номдзыд лезгинаг поэт Етим Эмины æмдзæвгæты сувенирон рауагъд. Мыхуыргонд æрцыд Дагестаны ахуырадон - педагогон рауагъдады уырыссаг æвзагыл.

Поэты æмдзæвгæтæ мадæлон æвзагæй ратæлмац кодта Арбен Кардашов. Мыхуыры йæ рауагъта тæлмацгæнæг. Хорз æй сфæлгонц кодта нывгæнæг Владимир Арьков.

Чиныгыл зæрдиагæй сæмбæлдысты канд поэты сфæлдыстад уарзджытæ нæ, фæлæ республикæйы æппæт дзыллæтæ дæр. Поэт йæ уацмысты æвдисы мæгуыр адæмы цард, уыдонмæ æмæ райгуырæн бæстæмæ стыр уарзондзинад, хæлардзинад.

«Дагестанская правда»

СТЫР КОМПОЗИТОРЫ КАДÆН

1990 аз у Чайковскийы аз. Стыр уырыссаг композиторы райгуырдыл 7 майы сæххæст уыдзæн 150 азы. Композиторы юбилей у уырыссаг музыкæйы æмбисонды æнтыст, уырыссаг авады кад. Крайы филармоницы гастролион цыланы сты концертбады æмæ Масаллины районы Борадигяхы хъæуы. Сæ гом кæнынцы рæстæг уым уыдис Фæскавказы пысылмæтты Духовон управленийы сæрдар, Шейх уль-Ислам Гаджи Аллахшукюр Паша-заде.

Духовон управленийы сæргълæууæг уыд горæт Барды. Ам дæр кусын райдыдта мæзджыт. Уый фæстæ уый ацыд кувæндон Имамзадемæ. Агадашы районы бабæрæг кодта Хаджи Османы мæзджыт, ныхас кодта дингæнджытимæ.

Республикæйы районты цæрджытимæ æмбæлгæйæ, Шейх уль-ислам, ССР Цæдисы адæмон депутат фæсидт æхсæнады æппæт хъарутæ æрбамбырд кæнынмæ, политикон, экономикон, социалон, удварны фарстатæ адæмты пайдайæн алыг кæнынмæ.

«Бакинский рабочий»

ОДЕССÆЙЫ ФЕСТИВАЛЬ

Ахуырдзау фæсивæды Республикон галуаны адæмон студийы хъомылгæнинæгты арæзт дыууæ кинонывы «Мечта» æмæ «Сила» æвдыст æрцыдысты театриртасæг Григорий Чигогидзейы разамындæй Одессæйы сывæллæтты юмористон кинонывты фыццæгæм апрелы фестивалы, æмæ сын ам скодтой стыр аргъ.

«Заря Востока»

АРАЗДЖЫТÆ — ÆФСÆДДОНТÆН

Рагæй фæстæмæ дæр аренды промышленнон-арæзтадон иугонд «Каббалкпро е к т с т рой»-ы фæллойгæнджыты æмæ Налчыкчы гарнизоны æфсæддонты æхсæн фидар сты æмгуыстдзинады тæрхæтæ. Уыдон кæй зæгъын æй хъæуы, араздзыты Культурæйы галуаны анвадон хиххъæппæрисадон къордтæ æвдисынæй нæ хицæн кæнынц. Спортивон комплекс кусын куы райдыдта, уæд гарнизоны салдæттæ æмæ афицертæн фадат фæкодтой æмбырдтæ æрцæуын.

КЪАМЫ: СÆЛБИТЫ В. Г. Архайдта немыцаг фашисты дæрæн кæныныл тохты Сталинграды бынмæ.

Цæгат Ирыстоны бæстæзонæн музейы фондтæй.

Ф. МАМОНТОВЫ ист къам.

НЕ 'ППÆТЫ ХÆС

ХЪОМЫЛ КÆНÆМ ПАТРИОТТÆ

Ацы уацхъуыды мæн цыбырæй зæгъын фæнды, Джызæлы Коцойты Арсены номыл скъолайы хæстон-патриотон хъомылад куыд æвæрд у, æмæ ма нæ дарддæр цы саразын хъæуы, уый фæдыл.

Цæвиттон, ацы куыст кæнæм интернационалон хæлардзинады клуб «Горизонт»-ы фæрцы. Уымæн йæ президент у I-æм къласы ахуырдзау Плиты Лялæ. Клубы ис æртæ секционы. Фыццаг «ССР Цæдис —мæ Райгуырæн бæстæ», дыккаг — «Нæ хæлæрттæ—алыхуызон галстукты» æмæ æртыккаг «Старæт». Уыдонæй алкæмæн дæр ис разамонæг. Ныртæккæ уал хуыз дæр кусы «Старæт» (йæ разамонæг Плиты Иссæйы номыл ногдзауты дружинæйы раздзог Дзебысаты Ларисæ). Секцийы уæнгтæ стыр куыст кæнынц, зынгхуыст хæстонтæй абоны онг бæрæг чи нæу, уыдон агурыныл. Æмæ сын чысыл нæ бантыст.

Æрæджы сбæлвырд кодтой, Бæлтамæ хæстæг, Поповы хутор кæй хонынц, уым ныгæд кæй ис украинаг лæппу Георгий Тарубаров. Цæмæй йын йæ ингæн ссарæм, уый тыххæй нæм цалдæр хатты Киевæй фыстой Георгийы хæстæджытæ. Уыдон та махмæ уымæн фыссынц, æмæ бынæттон хæстон комиссарады базыдтой, Тарубаров 1942 фæззæджы хæцыд Джызæлы цур хæстыты, зæгъгæ. Йæ хæстæджыты писмомæ гæсгæ, уæлдæр куыд загътон, афтæ ссардтам йæ ингæн æмæ сын фехъусын кодтам. Æрæджы сæ райстам писмо. Уым фыссынц, ацы аз Уæлахизы бонмæ кæй ссæудзысты ардæм. Мах сыл, кæй зæгъын æй хъæуы, сæмбæлдзысты зæрдиагæй, барæвдаудзыстæм сæ. Цæмæй нæ фембæлд хуыздæр рауайа, уый тыххæй бæстон ахъуыды кæндзыстæм.

Бирæ азты ницы зыдтам не 'мхъæуккаг Дудинаты Сергейы хъысмæты тыххæй. Уæд дын ну хатт æнæнхъæлæджы Киевæй райстам писмо. Уым ну скъолайы сгарджытæ фехъусын кодтой, зæгъгæ, уæ хъæуккаг Дудинаты Сергей хъæбатырæй тох кодта Киев суæгъд кæныныл, æмæ уым фæмард. Уыдон махæй куырдтой, хъæбатыры бинонтæй, хæстæджытæй æгас чи у, уыдоны тыххæй сын фехъусын кæнын. Мах æрмæджытæ ссарынц. Уый кæддæр ахуыр кодта не 'скъолайы. Хъæбатыры рухс ном хъуыдыгæнгæйæ, мах аразæм, хъомыладон нысан кæмæн ис, оирæ ахæм хъуыддæгтæ: ахуырдзау цæмæй Давиды партæйыл сбадыны аккаг суа, уый тыххæй хъуамæ ахуыр кæна иттæг хорз, йе 'гъдау уа йæ бынаты, æхсæнадон хъуыддæгты архайа зæрдиагæй. Давиды цыбыр цард æмæ æнæмæлгæ хъæбатырдзинадыл дзурынц, хæстон намысы къуымы цы æрмæджытæ æрæмбырд кодтам, уыдон. Æрбацæуджыты зæрдæмæ тынгдæр цæуынц йæ бирæ къамтæ, писмотæ, йæ хæстон дарæс... Хъæбатыры номыл арæх аразæм спортивон ерыстæ, скъоладзаутæ урокты фыссынц сочиненитæ, аразынц фембæлдтытæ йæ хæстæджытæ, æмæ йæ хорз чи зыдта, уыдонимæ.

Ныртæккæ нæ клубы уæнгтæ æнæвдæлон сты — агурынц алыхуызон æрмæджытæ, хъæубæстæй хæсты чи уыд, уыдоны тыххæй: къамтæ, писмотæ, газетты æрмæг, сæ уæлæдарæсæй истытæ. Уыдон альбомты, стендты макетты хуызы сæ бынат ссардзысты не 'стыр Уæлахизы 45 азы бонмæ цы хæстон намысы музей байгом кæнынмæ хъавæм, уым. Арæх фыссæм писмотæ, не 'мхъæуккæгтæ кæмыты хæцыдысты, уыцы рæтты музейтæ, хæстон комиссарадтæм æмæ скъолатæм, цæмæй нæм сæрвитой уыдоны нæмттимæ баст æрмæджытæ.

Мах арæх аразæм фембæлдтытæ нæ хъæуккæгтæ — хæсты æмæ фæллойы ветерантæ Солганты Андрей, Танхълаты Георги, Гуыдинаты Михал, Торчыныты Георги æмæ иннæтимæ. Æрæджы нæм цы фембæлд уыдис, уым уыдысты Фыдыбæстæйы хæсты ветерантæ æмæ Афганистаны йæ интернационалон хæс кадимæ чи сæххæст кодта, уыдон: шофыр Быдтаты Валодя, фæскомцæдисы райкомы кусæг Пхалæгаты Владимир, Ленинграды институттæй иуы студент Сланты Геннади, хæххон-металлургон институты студент Уæлгæсты Роберт æмæ совхозы кусæг Барахъты Вовæ. Уым ма уазæгуаты уыдысты поэттæ Хостыхъоты Зинæ, Дзасохты Музафер æмæ хæстон службæмæ чи ацæудзæн, уыдон иу цалдæрæй. Уазджытæ се 'взонг фысымтæн зæрдæбынæй фæдзырдтой канд хæсты хабæрттæ нæ, фæлæ ныртæккæ нæ бæстæйы цы уавæр ис, уый фæдыл. Нæ ахуырдзаутæ уазджытæн ралæвар кодтой дидинджытæ, зæрдылдарæн лæвæрттæ. Фембæлд ахицæн хæлардзинады концертæй.

Нæ рох кæнæм хæстон намысы бынæттæм экскурсийы цæуын дæр. Нæ хъæуккæгтæй хæстæй чи нал сыздæхт, уыдоны цыртдзæвæны раз æрæджы хæсты ветерайтæ галстуктæ бабастой ногдзауты рæнхъытæм цæуæг саюты хъуырытыл.

Мах хæлардзинады тæгтæй баст стæм маршал Еременкойы номыл хæстон училищейы коллективмæ. Алы аз дæр иумæ фæбæрæг кæнæм Советон Æфсады райгуырды бон æмæ не стыр Уæлахизы бæрæгбон. Курсанттæ нæм уазæгуаты æрбацæуынц, се 'взонг фысымтæн радзурынц сæ ахуыр æмæ царды фæдыл, иумæ радтæм хæлардзинады концерт, атезгъо кæнæм хъæуыл. Нæ хистæркъласонтæ бирæ хæттыты уыдысты училищейы. Уым курсанттæ уазджытæн равдисынц сæ предметон кабинеттæ, музей, иумæ ацæуынц фистæг балцы Бæгънæг хохмæ. Не скъоладзаутæй исчитæ æфсады рæнхъытæмы куы фæцæуынц, уæд сын фæндараст фæзæгъæм кадджын уавæры, раттæм сын зæрдылдарæн лæвæрттæ. Хъомыладон куыстæн уыдон дæр къаддæр пайдайаг не 'сты. Æмæ сæ кæндзыстæм дарддæр дæр.

ДУЛАТЫ Зæнрæ,
Джызæлы фыццаг æмæ скъолайы директоры хæдивæг хъомыладон куысты.

НЫЙЙАРÆДЖЫ ЦИН

Хуымæллæджы цæрджытæ Гаситы Андрей æмæ йæ мæхай Зоя сты кусæг бинонтæ. Ис сын дыууæ лæппуйы æмæ иу чызг. Сывæллæттæ ма чысыл куы уыдысты, уæд сæм зæрдæ æхсайдта. Мад æмæ фыды рагацау базонын фæндыд, сомбоны сæ кæстæртæи чи цы уыдзæн, уый. Тарстысты, куыд вæйлы, цы вæйлы, зæгъгæ, дзы исчи фыдуаг лæппуты куы бафæзма. Æмæ уымæ гæсгæ ныйлыйарджытæ фылдæр æргом здæхтой хъомыладмæ. Скъолайы куыд ахуыр кæнынц, уый базоныны тыхтæй та кæрæдзимæ никуы фæкастысты. Андрей æмæ Зоыйы фыдæбæттæ нæ фæдзæгъæл сты. Лæппутæ куыд рахъомыл сты, уый зонгæ дæр нæ бакодтой.

Хистæр лæппу Валери каст фæцис Хуымæллæджы астæуккаг скъолæ æмæ йæхицæн равзæрста зырнæйзилæджы дæсныйад. Бацыд ахуырмæ Бесланы профессион-техникон училищемæ. Афæдзы æрдæг дзы ацахуыр кæныны фæстæ йæм фæсидтысты Советон Æфсады рæнхъытæм. Цалдæр боны фæстæ Гаситы хæдзармæ сæ дард бæлццонæй тæхын райдыдтой цины фыстæджытæ. Валери йæ писмоты фарста хионты, къабæзты, æмбæлттыл... Цалдæр хатты йæ къам сæрвыста æфсæддон уæлæдарæсы дæр. Фæлæ айфыццаг Валерийæ дæргъвæтин рæстæг ницыуал хабар уыд. Æмæ бинонтæ сагъæсы бацыдысты. Мады зæрдæ та æхсайгар куынæ вæййы, дуармæ лæугæйæ ну постхæссæгмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ баззадис. Иу бон Андрей æмæ Зоя куыстæй куы æрæздæхтысты, уæд сæм Валерийы кæстæр æфсымæр Артур хæрзæггурæггаг фæцис. Цы хабар у, æмæ, дам, Валери цы æфсæддон хайы службæ кæны, уый командиртæ арфæйы фыстæг сæрвыстой. Уым фыст ис:

«Зынаргъ Андрей Никъалайы фырт æмæ Зоя Александры чызг. Стыр æхсызгонæй уын хъусын кæнæм, уæ фырт кæй службæ кæны не 'фсæддон хайы. У æгъдауджын, коммæгæс æфсæддон. Кæддæриддæр цæттæ у нæ Райгуырæн бæстæйы арæнтæ бахъахъхъæнынмæ. Службæйы чысыл рæстæгмæ нттæг хорз базыдта йæ дæсныйад. Ис æм Советон патриоты удыхъæды хуыздæр миниудзытæ, кадджынæй æххæст кæны йæ размæ æвæрд хæстæ. Уæ фырты цардмæ, ССР Цæдисы Гæрзифтонг Тыхтæм хорз кæй бацæттæ кодтат, уым мах хъынæм ныййарджыты æвæлмæгтæ фæллой. Æмæ райсут, уый тыххæй нæ зæрдиаг арфæ».

Цалдæр боны фæстæ бинонтæ фыстæг райстой Валерийæ дæр. Фыста командировкæйы нæй уыдис, уый тыххæй æмæ йын фадат кæй нæ фæцис афойнадыл писмо ныффыссынæн.

ЦÆЛОНТЫ Еврик,
æхсæнадон уацхæссæг.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ ÆВЗАГ ЦАРДЫ ХАБÆРТТÆ

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ

АДÆЙМАГ ÆМÆ ПЕ ФСАРМ

УДВАРН, КÆМ ДÆ, ЦЫ ФÆДÆ?

Рæстæг ивы, ивынц адæм. Æрдз йæхион кæны. Цард тæбæрæгъы донау фæвæййы куы нуырдæм, куы та — иннæрдæм. Цардæн иу ран лæууæн нæй. Цæуы, агуры, цыдæр ын нæ фаг кæны. Æнцонæй никæй къухты æфты. Цæттæйæ никæй фæтджимæ хауы. Куы æрхауы, уæд та хъуыры фæбадын дæр зоны. Фыдæлтæй нын баззад зонджын ныхас, царды барын хъæуы, зæгъгæ. Адæймаджы йæ хъуыды аххæссы нæ дард фыдæлты дутмæ. Куыд барстой уыдон та царды æмæ сæ барæнтæ цы уыдысты. Æмæ зæрдыл æрлæууыны царды, кæрæдзимæ сæ уарзон, сæ уæздан ахаст, сæ адæймагдзинад, сæ удты фарн.

Газет «Советон Ирыстон»-ы 1983 азы 5 июлы мыхуыргонд æрцыд Цхинвалы пединституты доцент Цотнiашвили Автандилы уац «Иверия» ирон дохтыры тыххæй». зæгъгæ, «Иверия» фыццаг гуырдзиаг газет Гуырдзыстоны ном хаста. Редактор ын уыд зынгæ гуырдзиаг фыссæг æмæ паддзахадон архайæг Илья Чавчавадзе. 1883 азы йæ номыртæй иуы фыстæуы, зæгъгæ, нæ райгуырæн къуым æгас Гуры зылды у æппæты рæсугъддæр. Фæлæ уый нæ царды хæрзиуæгæн фаг нæу. Нæй нæм дохтыр, рынчынтæн ничи хос кæны. Уый тыххæй адæм æнхъæлцау сты цæстфæливæг дæснытæй. Фæллойгæнæг адæмы цард, се 'нæниздзинадмæ æрвылбон дæр хъæуы хъус дарын.

«Ацы тыхст уавæры, — фыссы газет: — махмæ, Чысыл æмæ Стыр Леуахийы алфамблай цæрджыты 'хсæн, фæзынд иу хуыцауысконд, зонындзинадæй æмæ хостæй дæр ифтонг чи у, ахæм лæг Дзуццаты Гаврилы фырт Уасил. Уый фынддæс азы дæргъы у иунæг «адæмон хосгæнæг». Адæмæн йæ иузæрдион лæггадæй, рынчынтæн рæстæгыл æмæ зæрдиагæй кæй хос кæны, уымæй уый йæхицæн скодта стыр кад, адæм ыл æууæндынц æмæ йын аргъ кæнынц. Куыд зыны, афтæмæй Дзуццайы-фыртимæ дохтыры дæсныйад æмæ хосгæнæджы фæлтæрддзинадæй дарддæр ис адæммæ стыр уарзондзинад. Цæуы рынчынты хæдзармæ æмæ искæмæй йæ æрбацæуæггаджы аргъ райсыны бæсты, бирæ хатт йæхи капеччытæ дæр нывуадзы цыбыр къух рынчынтæн. Уымæн йæ куыст ис Цхинвалы зылды. Уыцы зылд та йæ асмæ гæсгæ къаддæр нæу Тбилисы бирæ районтæй. Фæлæ Дзуццайы -фырт зæрдиæг хæстæг у цхинвайлæггæм».

«Иверия»-йы дарддæр амынд ис, зæгъгæ, газеты уыцы уацы фæстæ Цхинвалы цæрджытæ дохтыр Дзуццайы-фырты кадæн скодтой нæртон куывд. Уырдæм æрцыдысты алы нациты минæвæрттæ: Куывды Дзуццайы-фырт зæрдиаг бузныг загъта цхинвайлаг фæллойгæнджытæн. Уый ныфс баваæрдта, зæгъгæ, адæмы æнæниздзинадæн нæ бахæлæг кæндæн йæ зонындзинадтæ, йæ фæлтæрддзинад.

Цхинвалы Тельманы уынджы дзулуæйгæнæны раз ис Квиникадзеты хæдзар. Йæ бакаст, йæ рæсугъд архитектурæмæ гæсгæ ацы хæдзарæн фæивдзаггæнæн нæй горæты иннæ хæдзæрттимæ. Квиникадзетæй ныр уым ничиуал цæры. Фæлæ цыбыр къух кæй нæ уыдысты, уый бæрæг у. Ацы хæдзары дыккаг уæладзыджы цард, куыста æмæ амард Дзуццаты Уасил.

Уасил паддзахы æфсады службæ кæныны рæстæджы базонгæ Квиникадзеты лæппутæй сæ иумæ. Лæппутæ æфсадæй куы ссæрибар сты, уæд Квиникадзе йемæ рахуыдта йæ хорз æмбал Уасилы Цхинвалмæ. Лæппуйы ныййарджытæ Уасилы бауарзтой сæхи хъæбулау. Радтой йын дыууæ уаты. Дзуццайы-фырт уæттæй иуы цæргæ кодта, иннæйы та хостæ арæзта. Уæды рæстæджы рынчындæттæ æмæ афтектæн ам сæ кой дæр нæ уыд.

Уасил дзæвгар фæкуыста революцийы фæуæлахизы фæстæ азты дæр. Амард 1930 азы. Уæд Цхинвалы ныры поликлиникæ ног арæзт уыд. Иæ бавæрыны агъоммæ Уасилы бахастой поликлиникæмæ. Бирæ хорз ныхæстæ загъдæуыд йæ кадæн. Адæм æмæзмæлд кодтой уынгты. Сæ цæссыг калгæ фæндараст кодтой сæ уарзон дохтыры йæ фæстаг фæндагыл. Дзуттæгтæ та загътой, цæмæй Уасилы мард уæлмæрдмæ ахастаиккой сæ уынгты. Марды фæстæ бирæ адæм ссыд Згъудеры уæлмæрдмæ. Бавæрдтой йæ æртындæс коммунарты цырты тæккæ цур.

1920 азы меньшевикты бурнымæтджынтæ Цхинвалмæ куы æрбабырстой, уæд ирон дзыхæйдзурæг нал уагътой горæты. Уынгты бакодтой хъусинæгтæ, зæгъгæ. ирон адæймаджы чи баууон кæна, уымæн амардзыстæм йæхи дæр æмæ, кæй бамбæхса, уый дæр. Уыцы аз мæлæтдзаг цæф фæкодтой йæ хæдзары дуармæ дæндæгты зынгæ дохтыр Хъуылымбегты Падойы. Сæ хистæр Касрадзе фæстæдæр æрфæсмон кодта уыцы хабарыл, ахæм пайдайы лæг марын нæ хъуыд, зæгъгæ. Æмæ æвзонг лæппу Кесанашвили Сократы арвыста Уасилмæ, цæмæй баххуыс кодтаид Падойæн. Цæрдæг лæппу бахæццæ Уасилмæ. Фæлæ Уасилы къухы нал бафтыд Падойы фервæзын кæныны. Æдас нæ уыд Уасилы цард дæр. Фæлæ йæ сæр хъуыд адæмы æмæ йæ хъахъхъæдтой, æмбæхстой йæ, æвæрдтой йæ. Æмæ фæсмойнаг нæ фесты. Уасил сын дарддæр цæстуарзонæй хос кодта сæ рынчынтæн.

Уыдис хорз адæймæгтæ, лæгау-лæгтæ, фидар удыхъæддыхын адæймæгтæ, уыдис адæймагдзинадæй дзыллæты цæстæнгас сæхимæ чи здæхта, адæмы уарзон æмæ хæлардзинад адджын кæмæн уыд, бирæ ахæмтæ. Уыдоны рухс нæмттæ нын ныр мысын кæны бæстæйы аборы карз уавæр æмæ сыл дзурæм.

Æвæдза, куыд æхсызгон хъæуы абон Чавчавадзетæ, Уасилтæ æмæ уыдон хуызæн раздæры бирæ куырыхон лæгты сæр. Фæлæ ахæмтæ ракургæйæ не сты, ацух сты цардæй, адæмæй. Цымæ ны зæгъинкой нæ ныры карз уавæр æмæ æнæссæрфат митæм бакæсгæйæ. Кæнæ «Иверия» цахæм уацтæ ныммыхуыр кæнид йæ фæрстыл. Уартæ æнусы размæ дард, æнæфæндаг, æвадат, фæстæзад Ирыстонмæ ардта фæндаг æмæ арæх æвдыста адæмы царды хабæрттæ гуырдзыйæ, ирæй. «Иверия» æмæ йæ аразджытæ цард æвдыстой, куыд уыд, раст афтæ. Аслам мæнг æппæлдтытæ никæмæй кодтой. Æмæ ныр та? Ау! Нæ буц фыдæлтæ сæ зонд, сæ фарн семæ ахастой ингæнмæ?

Абоны Гуырдзыстоны сæ сæртæ сдардтой цавæрдæр æнæформалтæ, экстремисттæ æмæ æндæр ахæмтæ. Лæгдзинадæй нæ, хъару, уæздандзинадæй нæ, удгоймагдзинадæй нæ, фæлæ аслам хъæртæй, ура — патриоттæй сæхи хуыцауы цъуппыл сæвæрынмæ чи хъавы, националисмы хъузджы чи абырыд, ахæмтæ сарæх сты къуымты, уынгты, фæндæгтыл æмæ хъыгдарынц куыст, цард, хъыгдарынц адæмы. Æмæ куыст нындзыг, цард размæ нал æгтуырсы. Адæймаг сагъдæй баззад, йæ астæу нал тасы куыстмæ. Рох дзы кæны, закъæттæ, æгъдау æмæ сæ æххæст кæнын кæй хъæуы, уый. Цы йæ хъыгдары, рацарæзт? Æмæ гъа. Рацарæзт рагæй цæуы. Æмбырдтæ, пленумтæ, сесситæ, ныхас, тæрхæттæ бирæ. Аразгæ — пъус. Рацарæзтæн næмa зынынц йæ фæстиуджытæ. Æмæ афтид кæнынц хордзæттæ, къæбицтæ, гуыбынтæ. Дзых дзургæ кæны, къухтæ та — аразгæ. Æмæ къухтæ хъуамæ æууæндой æвзагыл, кæннод йæ коммæ нæ кæсынц. Æмæ, æвæццæгæн, рацарæзт райдайын хъæуы армæй, сæры магъзæй, нæ дзæнæты бадæг фыдæлты рæстдзинадæй, намысæй, лæгдзинад, æнæхинæй кусын æмæ цæрынæй, адæймагдзинадæй, æнæзардæхудтæй.

Адæймагдзинад! Кæм дæ, цы фæдæ? Кæй хай фæдæ? Раздæх цардмæ фæстæмæ, Æгъгъæд уæнт мæрдты кой кæнын, семæ тох кæнын. Удыгæстæн бауырнын кæнæм, нæхи тых, нæхи хъарv, нæхи зондæй кусын æмæ нæрынхъом кæй стæм, уый. Рацарæзтæн байгом кæнæм уæрæх фæндаг æрмæст дзыхы ныхæстæй нæ, армæй дæр.

ДЗУЦЦАТЫ Д.,
Гуырдзыстоны ССР-йы культурæйы сгуыхт кусæг.

ХÆДАХУЫР НЫВГÆНÆДЖЫ РАВДЫСТ

Цæгат Ирыстоны Нывгæнджыты равдыстыты залы байгом хæдахуыр нывгæнæт, адæмон сфæлдыстады Æппæтцæдисон фестивалы лауреат Хетæгкаты Роланды куыстыты равдыст. Нывгæнæгæн æдæппæт ардæм хаст æрцыд 150 уацмысы.

Хетæджы-фырт йæхæдæг цæры Цхинвалы. Уымæн аивады мидæг бæрæг дары йæхи æрмдзæф. Арф æнкъары æрдзы фæзындтытæ, адæмы мидхъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ. Уымæн афтæ særдæмæдзæугæ рауайы йæ алы уацмыс дæр.

Ролланд равдыстмæ цы куыстытæ æрбахаста, уыдон арæзт сты хъæдæй. Аивадон æгъдауæй сты æххæст. Хæдахуыр нывгæнæджы хуыздæр миниуджытæй ну у ахæм: цалынмæ уацмыс йæ зæрдæйы цæхæры не сфыцы, уæдмæ нæ батагъд кæны уый адæмы рæстъмæ рахæссынмæ. Уый тыххæй йын уæлдай фылдæр уарзынц адæм дæр, йæ аивад.

Хетæджы-фырт ныртæккæ йæхи равдз кæны, майы, Мæскуыйы цы равдыст байгом уыдзæн, уырдæм. Ацы бонты та уал йæ куыстытимæ зонгæ кæны нæ республикæйы цæрджыты.

Равдыст уыдзæн 25 æм апрелмæ. Табуафсы, саккаг кæнут ацы курдиатджын хæдахуыр нывгæнæджы-куыстытæ фенынмæ.

Нæ уацхæссæг.

КÆСУТ ÆМÆ ХЪУСУТ

Радио

БЫНÆТТОН ПРОГРАММÆ 10 АПРЕЛЬ. ДЫЦЦÆГ

7.30, 8.25 — Дæ райсом хорз, Ирыстон! 8.55 — Республикон газеттыл афæлгæст. 18.00 — Наукæ—куыстадæн. Хъæууонхæдзарадон наукæты кандидаттæ Е. В. Арутюновайы æмæ Н. А. Мисинкы беседæтæ. 18.25 — «Уарзон æлтæ». Концерт. 18.50 — Хъусынгæнинæттæ, рекламæтæ.

11 АПРЕЛЬ ÆРТЫЦЦÆГ

7.30, 8.25 — Дæ райсом хорз, Ирыстон! 8.55 — Республикон газеттыл афæлгæст. 16.00 — Культурæйы университет. «Людвиг ван Бетховен». 16.52 — Хъусынгæнин æ г т æ. 18.00 — Истор и й ы сыфтæ. Гутнаты Ф. «Геродоты скифаг ныхас». 18.20 — Н. Петровы музыкæ.

12 АПРЕЛЬ. ЦЫППÆРÆМ

7.30, 8.25 — Дæ райсом хорз, Ирыстон! 8.55 — Республикон газеттыл афæлгæст. 18.00 — Стыр Уæлахизы 45 азы бонмæ. Раныхæстæ фронты уæвджыты тыххæй. 18.20 — Комплексон программæ æххæст кæнгæйæ, «Анв дарæсæлхæнджыты бæллиц». «Бесланы хуыйæн фабрик». 18.40 — Концерт.

Телеуынынад

БЫНÆТТОН ПРОГРАММÆ 10 АПРЕЛЬ. ДЫЦЦÆГ

17.00 — Ирыстон абон. 17.20 — «Архайды экран». Нæ равдыстыты фадыл. 17.35 — Ирон æвзаджы урок. 17.50 — Музыкалон Ирыстон. 18.30 — Ирыстон абон. 19.00 — ССР Цæдисы Сæйраг Советы сессийы. ЦТ.

11 АПРЕЛЬ. ÆРТЫЦЦÆГ

17.35 — Ирыстон абон. 17.50 — Рекламæ. 18.00 — Нæ фильмотекæйы фондæй» «Весна на Заречной улице». Аивадон киноныв. 19.30 — Ирыстон абон. 20.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ». 20.15 — Хъусынгæнинæттæ. 20.20 — «Æгас ну, æз дæ хæлар». Цæгат Ирыстонмæ американ скъоладзауты балцы тыххæй. 20.55 — ЦТ.

12 АПРЕЛЬ. ЦЫППÆРÆМ

17.55 — Ирыстон абон. 18.15 — «Крутизна». Цæгат Ирыстоны телеуынынады аивадон киноныв. 19.30 — Ирыстон абон.

КОКАЙТЫ Тотрадз.

УÆД ФЕНЫН РÆСТДЗИНАД

Хуымæтæг хуымгæнæг йæ хуымы кæрон
Фæлладæй куы 'рбады дыууæнзæрастæу,
Уæд мæйрухсы тынтæм йæ цæстыты арфы
Фæуынын æз царды рæстдзинад.
Хуымæтæг фийау лæг хъыз зымæджы фæстæ
Хъызларæй куы стæры йæ фос-дзуг нымадæй,
Уæд хуры ыскастыл йæ цæстыты арфы
Фæуынын æз царды рæстдзинад.
Ныййарæг йæ кæстæрты хурæй куы рай,
Иæ кæстæрты амонд æрвылбон куы уына,
Уæд уыцы ныййарæджы цæстыты арфы
Фæуынын æз царды рæстдзинад.
Хуымæтæг поэтæн йæ зарæджы æлтæ
Иæ адæмы фарнæн куы зæлой— куы 'мбара,
Уæд—'хсæвæй уа-бонæй—йæ цæстыты арфы
Фæуынын æз царды рæстдзинад.
Æрвылбон хъуыддæгты, æрвылбоны царды
Рæстаг лæг фыдæхыл куы кæна уæлахиз,
Уæд цины æхсæрдзæн, уæлхохæй кæлæгау,
Мæ риуыл фæкæлы,
. . . Уæд фенын рæстдзинад.

О ИР, МÆ ИРЫСТОН

О Ир, дæ раны дæ, дæ раны! —
Дæ сæрмæ сау мигътæ æртыхст,
Дæ риуыл их фæзгъæртæ уары,
Фæлæ дын чи хаты дæ рыст?!
Фыдлæг дæ арæнтæм лæбуры,
Иу араеи?—зæрдæмæ йæ хъавд!
Фыдлæг дæ сæрсæфæнмæ суры,
Кæны дын къæхты бын дæ кад.
Дæ бодзты никуы 'ндæвта фидæн,
Дæу дæр ныууагй кодтой зыдæй.
Æхца та тугæй вæййы фиддон.
Уый се 'хсæн иу æмбарæг нæй.
Æвæлмои æхца тæф нæ уадзы,
Пайдайаг нæу, бæркад дзы нæй!
Ныр бадæм иууылдæр мæрдадзы,
Тæрсæм: ныккæлдзæн туджы зæй.
О Ир, мæ Ирыстон, дæ зæнæг—
Тыхджын, ныфсджын æмæ уæндон,
Фæлæ сæ иу зондмæ æркæнæг
Нæй, нæй! Æмæ мæгуыр дæ бон!
О Ир! Фыдæй-фыртмæ—æнамонд,—
Дæ дзых—æмыр, дæ хъуыды—баст,
Дæ тох—уæд искæйы сæрапонд!
Дæхи тыххæй ма иу хатт раст.
Æслæу дæ риуæмбæрц, цæмæй дын
Дæ зонд, дæ хъару уа уынæр
Æмæ дыл мачи цæуа сайдæй,
Æмæ дæм ма кæнæ фыдæх.

Спорт

ФУТБОЛ

Грознамæ æрбацыдысты УСФСР-йы æрыгон футболисты 8 командæйы, 15-аздзыд футболисттæ архайдтой «Фæззæг — Уалдзæг», зæгъгæ, уыцы ерыстыфыццаг бынат бацахсыныл. Цæгат Ирыстоны æрыгæтты командæ «Спартак» (тренертæ Валерий Горохов æмæ Икъаты Виталий) фæуæлахиз æрæвæрын хатты: Воронежы æрыгæтты спортивон скъолайы командæйыл — 1:0, Тамбовы командæйыл — 1:0, æмæ Свердловскы командæйыл — 3:1. Фæлæ фембылд Ярославлы æрыгæттæн 0:1. æмæ бацахста æртыккаг бынат.

Ерысты фæстæ арæхстджындæр læппуты равзæрстой УСФСР-йы иугонд командæмæ. Мах æрыгон футболисттæй йæм бакодтой 42-æм скъолайы ахуырдзауæтæ Вадим Елен æмæ Томайты Вадимы.

ХОРЗ НÆ РАУАД

Ростов-на-Дону уыдысты Советон Цæдисы профессионон боксерты фыццаг ерыстæ. Иннæ боксæй хицæн кæны уымæй, æмæ ам боксертæ хæцынмæ рацæуынц æнæ маскæтæ æмæ майкæтæй. Ерыстæ ахæссынц цыппар раунды.

Ацы ерысты архайдта Карцайы астæуккаг скъолайы ахуыргæнинаг, тренер Руслан Чапановы хъомылгæнинаг Валерий Джаниев. Уый астæуккаг уазы сæмбæлдмæ æрбацыдысты 4 боксæйы. Сæ 3 æрцыдысты Цæгат Ирыстоны. Сæ 2 та — Ростов-на-Дону. Ирыстоны боксæйы 2 æрцыдысты Ростов-на-Дону. Сæ 2 та — Цæгат Ирыстоны. Сæ 3

Хуымæтæг фийау лæг хъыг
зымæджы фæстæ
Хъызларæй куы стæры йæ
фос-дзуг нымадæй,
Уæд хуры ыскастыл йæ цæстыты
арфы
Фæуынын æз царды рæстдзинад,
Ныййарæг йæ кæстæрты хурæй куы
райа,
Иæ кæстæрты амонд æрвылбон куы
уына,

О ИР, МÆ ИРЫСТОН

О Ир, дæ раны дæ, дæ раны! —
Дæ сæрмæ сау мигътæ æртыхст,
Дæ риуыл их фæзгъæртæ уары,
Фæлæ дын чи хаты дæ рыст?!
Фыдлæг дæ арæнтæм лæбуры,
Цин арæн?—særдæмæ йæ хъавд!
Фыдлæг дæ сæрсæфæнмæ суры,
Кæны дын къæхты бын дæ кад,
Дæ бодзты никуы 'ндæвта фидæн,
Дæу дæр ныууæй кодтой зыдæй.
Æхца та тугæй вæййы фиддон.
Уый се 'хсæн ну æмбарæг нæй.
Æвæлмон æхца тæф нæ уадзы,
Пайдайаг нæу, бæркад дзы нæй!

Ныр бадæм ууылдæр мæрдадзы,
Тæрсæм: ныккалдзæн туджы зæй.
О Ир, мæ Ирыстон, дæ зæнæг—
Тыхджын, ныфсджын æмæ уæндон,
Фæлæ сæ иу зондмæ æркæнæг
Нæй, нæй! Æмæ мæгуыр дæ бон!
О Ир! Фыдæй-фыртмæ—æнамонд,—
Дæ дзых—æмыр, дæ хъуыды—баст,
Дæ тох—уæд искæйы сæрапонд!
Дæхи тыххæй ма иу хатт раст.
Æслæу дæ рнуæмбæрц, цæмæй дын
Дæ зонд, дæ хъару уа уынæр
Æмæ дыл мачи цæуа сайдæй,
Æмæ дæм ма уæнда фыдлæг...

ФЫДЫ УÆЗÆГ

Цæрыс уæздан æмæ фырнымдæй,
Фæлæ дын ничи кæны аргъ,—
Дæуыл æвæры алчи саргъ,
Рæхойы дæ æнæуаг дзырдæй.
Бæрзонд кад ферох нс дæ фырттæй,
Сæрибар?—нал сын у зынаргъ
Æмæ хæосынц æлгъысты уаргъ

Фынæй-хъуыды, зæрдæ-лæбырдæй,
Уæздан лæгæн—уæздан йæ мн,—
Дæ уæздан чи 'мбары, кæм и?—
Дæ рну хæрам-маргæй фæхъæстæ.
Цæуыс фыруæзданæй æфхæрд,
Фæлæ ма чи кæна дæ мæт?!—
Цæрæм нæ хъузджыты æмбæхстæй.

УÆ ФАРН

Æназымæй хаст чи 'рцыд, уыцы рухсыбадинаг фысджыты ном дзы арын.

Æнæаххосæй аххосджын та систут.
Уæ зонд—æлвæст, уæ гæнæнтæ—
цыбыр,
Уæ цæрæн дæр, уæ нигæн дæр—
Сыбыр,
Хъысмæты карзæй абон дæр ма
риссут.

Уæвгæ фыддуджы сау æмбæрзæн
ист у—
Æмæ нæм разынд азты фæстæ ныр

Æгъатыр æмæ тугмондаг сæркъуыр
Зæрдæсæттæн дæлимоны нывнстау.
Гадзрахат æмæ хахуырты мæнг дуг
Рæстæй ныккалдта раст адæмты туг
Æмæ нæй хос нæ тыхст æмæ нæ
рыстæн.

Фæлæ куы дзурæм раст æмæ æргом,
Уæд сæрттивдзæн уæ алкæй
сыгъдæг ном,
Уæ фарнæй рухсдæр фндæнмæ
цæудзыстæм.
12.3.89 аз.

х х х

Цардæн нс дыууæ цæсгомы:
Иу дзы Сау у, иннæ—Урс.
Иу дзы сау хъуыддæгтæм хоны,
Иннæ йемæ 'рхæссы рухс.

Сау цæсгомы сау хъуыддæгтыл
Урс цæсгом æфтауы арт,
Сау—къæйных, æмæ кæм сæтты
Халы Урсы рæсугъд цард.

Сауæй Урсы астæу арæн
Лæг цæрæнбонты нæ ары,—
Сты йæ уды кæд æмбæхст?!

Урс фыдтæ куы 'рзилынц уарзтæй,
Сау фыдтæ уæд змæлынц мастæй,—
Æмæ не 'нцайы сæ хæст.

х х х

Æз æнхъæлдтон: фарны дуг
æрцыдис, —
Зонды ныхмæ нал æрлæудзæн тых,
Нал уыдзысты адæмтæ æмных,
Арфæйагæй баззайдзæн нæ Цæдис,
Фæлæ бæстæ стызмæг и, ысфæдис,
Чи кæны хæлар арæнтæ пырх?
Æви уыд нæ хæларад фæлвых
Æмæ хордтам уал азы йæ къæрис?

Æви схылд йæ сау хъоргъæй
мæнгард,
Æмæ сласта кæрддзæмæй йæ
кард,—
Бауæндыд нæ рухс фарнмæ
æвзндын?
Дуджы ивы ногдæргæнгæ дуг...
Ма ныккæлæд ацы зæххыл туг,—
Уд- дзæнгæрæг хорз адæмтæм сиды.

Дзыд футболисттæ архайдтой «Фæззæг — Уалдзæг», зæгъгæ, уыцы ерысты фыццаг бынат бацахсыныл. Цæгат Ирыстоны æрыгæтты командæ «Спартак» (тренертæ Валерий Горохов æмæ Икъаты Виталий) фæуæлахиз æртæ хатты: Воронежы æрыгæтты спортивон скъолайы командæйыл — 1:0, Тамбовы командæйыл — 1:0, æмæ Свердловскы командæйыл — 3:1. Фæлæ фембылд Ярославлы æрыгæттæн 0:1, æмæ бацахста æртыккаг бынат.

Ерысты фæстæ арæхстджындæр лæппуты равзæрстой УСФСР-йы иугонд командæмæ. Мах æрыгон футболисттæй йæм бакодтой 42-æм скъолайы ахуырдзаутæ Вадим Елен æмæ Томайты Вадимы.

ХОРЗ НÆ РАУАД...

Амæй размæ—иу уæгъдибар хъæбысхæстæй дунеон ерысты советон командæ æдзухдæр æрбаздæхт уæлахизимæ. Фæлæ ахатт фæхæрд г. Турнойы. Фембылд гауызы хицæуттæн — Америк — Мæскуыйæ, Хæбæлаты Лери æмæ Гобеджашвили — Тбилисийæ.

ССР Цæдисы иугонд командæйы уæнгтæ дунеон къласы мастер Тогызты Валодя æмæ спорты сгуыхт мастер Хæдарцаты Аслан ацы ерысты нæ архайдтой.

ФЫЦЦАГ ХАТТ

Горæт Барнаулы уыдысты Советон Цæдисы профессион боксерты фыццаг ерыстæ. Иннæ боксæй хицæн кæны уымæй, æмæ ам боксертæ хæцынмæ рацæуынц æнæ маскæтæ æмæ майкæтæй. Ерыстæ ахæссынц цыппар раунды.

Ацы ерысты архайдта Карцайы астæуккаг скъолайы ахуыргæнинаг, тренер Руслан Чапановы хъомылгæнинаг Валерий Джаниев. Уый астæуккаг уæзы сæмбæлд грознайаг спорты мастер Вахит Магомадовимæ. Дыууæйæ дæр хæцыдысты тынг арæхстджынæй, фæлæ сæ ерысты тæрхонгæнджытæ банымадтой æмдысты. Профессион боксы æгъдæуттæм гæсгæ, уый гæнæн нс.

Горæт Магнитогорскы командæ.

Г. ВАСИЛЬЧЕНКО.

«Правдæ»-йы хæлæртты клубы

Красноярскы уыдис «Правдæ»-йы хæлæртты крайы клубы бындурæвæрæн æмбырд. Æмбырды уæвджытæ æрныхас кодтой иугонды уставыл æмæ йæ сфндар кодтой. Фæсидтысты регионы цæрджытæм. Уым фыст сты сæ нысантæ æмæ хæстæ. Æмбырды куысты архайдта фыссæг, ССР Цæдисы адæмон депутат Виктор Петры фырт Астафьев. Клубы коллективон уæнгтæ суæвын бафæндыд завод «Культбытстрой», иугонд «Абаканвагонмаш» æмæ Черниговы комбинат «Искож», трест «Абаканвагонстрой» æмæ æндæртæ. Клубы пъланты — уæлдай ахсджнагдæр æхсæнадон-политикон фарстатæ æвæрын æмæ сыл ныхас кæнын. «Правдæ»-йы редакцион коллективимæ фидар бастдзинад дарын, иугонды хицæрмагонд информацион бюллетень рауадзын, культурондзæвгæгтæнæн мадзæлттæ аразын, газет «Правдæ»-йы бæрæгбæттты архайын.

КЪАМЫ: Виктор Петры фырт АСТАФЬЕВ (галиуæрдыгæй) æмæ газет «Красноярский рабочий»-ы редактор Леопольд Михайлы фырт БАЛАШОВ.

Ф. МЕДВЕДЕВЫ ист къам.
СЦТА-йы фотохроникæ.

11 АПРЕЛЬ, ÆРТЫККÆГ

17.35 — Ирыстон абон., 17.50 — Реклямæ. 18.00 — Нæ фильмотекæйы фондæй» «Весна на Заречной улице». Аивадон киноыв. 19.30 — Ирыстон абон. 20.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ». 20.15 — Хъусынгæнинæгтæ. 20.20 — «Æгасцу, æз дæ хæларæ». Цæгат Ирыстонмæ американ скъоладзауты балцы тыххæй. 20.55—ЦТ.

12 АПРЕЛЬ, ЦЫППÆРÆМ

17.55 — Ирыстон абон. 18.15 — «Критизна». Цæгат Ирыстоны телеуынынады аивадон киноныв. 19.30 — Ирыстон абон. 20.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ». 20.15 — «Отшельник из Айдаре». Телекиноыв. 20.30 — «Мах æмæ экономикæ». Базарады æгъдæутты тыххæй бæрнондзинад фæфылдæр кæныи. 21.00 — ЦТ.

12 АПРЕЛЬ, ЦЫППÆРÆМ

7.30, 8.25 — Дæ райсом хорз, Ирыстон! 8.55 — Республикон газеттыл афелгæст. 18.00 — Стыр Уæлахизы 45 азы бонтæ. Равыхæстæ фронты уæздæуты тыххæй. 18.20 — Комплексон программæ æххæст кæнгæйæ, «Аив дарæсæлхæнджыты бæллиц». «Бесланы хуыйæн фабрик». 18.40 — Концерт.

БОНЫХЪÆД

Гидрометбюро куыд хъусын кæны, афтæмæй 10 апрелы ранæйрæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы—15—20 градусы хъарм, горæт Орджоникидзейы —18—20 градусы хъарм.

Боны темæйы фæдыл газет мыхуыр кæны æрмæг экологийы фарстаты тыххæй. Номыры — цыбыр уацхъуыдтæ республикæйы коммунистон знумæ цæттæ кæнины æмæ уалдзыгон-быдыронæ куыстыты тыххæй.

Мыхуыргонд æрцыд æрмæг партийы Орджоникидзейы горкомы пленумæй.

Газеткæсджыты писмоты ныхас цæуы горæтæн ном раттыны фарстайыл.

Номыры — цаутæ фæсарæнтæй, рецензи Лекъты М. чиныг «Судзгæ сæуæхсид»-ыл, спортивон æмæ культурон царды хабæрттæ, æндæр æрмæг.

Редактор ХЪЕСАТЫ В.

ХЪУСЫНГÆНИНАГ

Орджоникидзейы трамвайты-троллейбусты управлени уæлæмхасæн нсы, 8—10 къласы фæуд кæмæн нс, ахæмты трамвай æмæ троллейбус скъæрджыты курсытæм. Трамвай скъæрджыты курсыты æмгъуыд у 5 мæйы. троллейбус—6 мæйы. Иунæджытæн лæвæрд цæуы бынат æмдзæрæны. Стипенди — 100 сомы.

ХЪуыддаг бæлвырддæр базонæн нс Дзанайы-фырты уынджы 37-æм хæдзары—адæмы куыстæвæрыны центры æмæ трамвайты-троллейбусты управленийы — Пашковскийы уынг, 2, тел. 5-63-71.

362015 — ЦИАССР,
г. Орджоникидзе,
Тбилисы уынг, 98.
«Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:
◆ Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
◆ Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87.
◆ Бæрнон секретарь — 5-44-37.
◆ Бæрнон сек. хæдивджытæ — 5-46-39.
ХАЙÆДТÆ:
◆ Партион-идеологон куыст — 5-54-36, 5-35-88.
◆ Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
◆ Индустрион-экономикон — 5-45-31.
◆ Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
◆ Культурæ, ахуырад, наукæ — 5-53-74, 5-44-33.
◆ Спорт, информаци — 5-35-92, 5-53-72.
◆ Писмоты, социалон рæзт — 5-44-57 5-63-19.
◆ Къамисæг, нывгæнæг — 5-56-50.
◆ Тæлмацгæнæг — 5-63-19.
◆ Корректортæ — 5-67-03.
◆ Изæрон редакци — 5-35-71.
◆ Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæдз
250 хатты, къуыри та—
фондз хатты.
Индекс — 53901.
1

ЕИ 00953.
Бæрзонд мыхуыр.
1,86 мыхуырон сыфы.
Тираж — 23.500
Заказ 198

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографи,
362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98.